ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№22 (22.430) • 2013 гъэм мазаем (февралым) и 7, махуэку • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен:

«Ди мурадхэр къызэрыдэхъулІэнум шэч къытесхьэркъым»

Иужьрей илъэс зыбжанэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр нэрылъагъу щІэхуэбжьащ. Инвесторхэм папщІэ щытыкІэ тэмэм зэрызэтрагъуэвам, промышленностым и Іэнатіэм проект инхэр щыгъэзэщІыжмкІэ хэкІыпІэхэр кьызэрызэрагъэпэщам, мэкьумэш продукцэр къэзылэжьхэм зэрадэІэпыкьум и фІыщІэкІэ, республикэм хуэфІэкІащ къэралым адрей и щыналъэхэм ялъэщІыкьэжьиикІи цІыхуэм я псэукІэр иригъэфІэкІуэн. Экономикэм и Іэнатіэм апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр кьызэрыщыкьуам, адэкІэ щыналъэм зэрызнэкьыным топсэльыхь Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм нэрылъагъуу зихьуэжащ щынальэхэм яхуэгъэзауэ федеральнэ центрым иригъэкІуэкІ политикэм. Кьэралым и унафэщІхэр кьащІипсалъэкІэ щыналъэхэм я Іуэху эыутыр кьаІэту зэрыхуежьам, абы кІэлыкІыгъэ щыналъэхэм щагъэзэщІэну проект нэхъыщхьэхэм папщІэ кьэралым ахьшэ кьиутІыпщу, инвестицэхэр кьыхилхьэху зэрыщІидзам псоми нэрылъагъу ящиІащ къэралиным и гульытэр щыналъэхэм яхуэгъэзэа зэрыхьар.

Апхуэдэ щытыкІэм псом япэу бизнесыр пэджэжащ. Иджы щыналъэхэм, абыхэм Къэбэрдей-Балкъэрэрэ яхэту, я социально-экономикэ зыужьныгъэр щІагъэхуэбжьэнымкІэ Іэмал къитынущ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым 2025 гъэм нэсыху зегъэужьыным кІэрал программэм ипкъ иткІэ, дэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Шэрдэж, Шэджэм, Іуащхьмахуэ, Дзэлыкьуэ районхэм я щыналъэхэм гъэмахуи щымахуи лэжьыну «Эльбрус-Безенги» турист-рекреацэ комплекс кьащІэзыдогъэпэщ. Абы и зэфІэкІыр зыхуэдэнум и гугъу щІыпмэ, зэуэ цыху мин 18,5-м зыщагъэпсэхуфынущ, бгы лыжжкІэ кьащІажьхь Гъэгуэхэр метр зэбгуэзэнатІэ 9882-рэ хьууэ, кІапсэ гъэгуэхэм я кІыхьэгъыр километр 61,9-м нэсу щытынущ, курортым зыхуеину турист инфраструктурэ - ресторанхэу, тыкуэнхэу, зыгъэпсэхупІэ центру метр зэбгуэзэнатІэ мин 58,2-рэ - иІэнущ.

Курортыр тэмэму лэжьэн папщІэ инженер инфраструктурэм хигьбыдэ ухуэныгъэхэр егъэжьуэкІын хуейщ. Абыхэм ящыщщ псы зрикІуэ бжьамийхэр, псы фІейр щагъэкабэ, щагъэжабэ Іэнатіэхэр, электроныгъуэмрэ гъэзымрэ зрикІуэ линэхэр. Транспортым и инфраструктурэм и гугъу пщІымэ, Бахьсэн дэкІ Прохладнэ-Іуащхьэмахуэ А-58 автомобиль гъэгуг, Кисловодск - Нартсанэ Ауэ - Джылы-Су - Іуащхьэмахуэ гъэгуг, «Кавказ» М-29 федеральэ гъэгуг кьыхэкІыу абы кьекІуэлІэ автомобиль гъэгуг хэту, зэрагъэпэщыжьынущ, апхуэдэу нэгъэщІ автомобиль гъэгуг зыбжанэ, лъэмыжхэр зыхуей хуагъэзэнущ.

«Урысейм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьынымрэ (2010 - 2015 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Налшык и аэропортыр кьагъэщІэрэщІэжьын хуейщ. Зэкіэ кьызэрабжамкІэ, инфраструктурэм екьэлІэ ухуэныгъэхэм я уасэр соми мелард 35-м щегъу. А ахьшэр федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкІынущ, апхуэдэу бюджетым щымыщ нэгъэщІ хэкІыпІэхэри кьагъэсебэпынущ.

Гъэгуэхэр инфраструктурэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ икІи абыхэм дэтхэнэ щыналъэми и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ зэкьуагъэувэ. Къэбэрдей-Балкъэрым и экономикэм зэпІэзэрыту зиужьын папщІэ, абы и гъэуэгуэр зэрамыгъэжьынымкІэ хуэгъэзауэ. Абыхэм щыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэуэгуу километр 53-рэ, лъэмыжу 10 зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ псэуныгъэм екьэлІа Іуэхущапіэу жылагъуэхэм щыІэхэм екІуалІэ гъэзэгуэхэр зэгъэпэщыжьным, дунейм и къэхъукьащІэхэм я зэранкІэ зэхэкьута гъэзэгуэхэр щІэрыщІэу ухуэным, щыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэзэгуэхэр ягъэува мардэхэм тету зехьэным и лъэныкьуэкІэ.

Иджыпсту ди дежкІэ ухуэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ Кисловодск - Джылы-Су автомобиль гъэзэгуэр. А гъэзэгуэр хьэвэр хьуэ нэхурэ, мы щыпІэм щыІэ турист-рекреацэ комплексым псынщІэу зиужьынущ. Абы кьыдэкІуэу, гъэзэгуэм зэпипщэнущ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ куроррту тІу - Минводрэ Іуащхьэмахуэ льапэрэ икІи туристхэмрэ республикэм и хьэщІэхэмрэ аэропортым щегъэжьакьуэ Іуащхьэмахуэ бгым нэс нэхъ псынщІэу кІуэнущ. Мы гъэзэгуэр яуха нэужь, дэ Іуащхьэмахуэ и ищхьэрэ джабэм лэжьыгъэхэр щедгъажьэ хьунущ. Дэ ди мурадщ а щыпІэм псы хуащхьэхэр кьыщагъэсэбэп курорт дуней псо мардэхэм къитІасэу щызэтедгъэувэну.

2012 гъэм а автомобиль гъэзэгуэм щыщу километр 31-рэ хьэзэщІыжащ. Апхуэдэу километр 71,7-м мывэ зэтеудар текьуачьм яухьнущ, лъэмыжу псори зэхэту метр 207-рэ тралькьхьэнущ. Лэжьыгъэ псори 2013 гъэм кьурибыдэу зэфІагъэкІын хуейщ.

Кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ мы Іэнатіэр кьэгъэщІэрэщІэжьынщ. Абы хеубыдэ гъэуэгуэм зэрелэжь идкьыреий техникэмрэ зэфІэкІышхуэ зиІэ оборудованэрэ кьэщхьунщ. Иужьрей илъэситІым электрон ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщауэ асфальт зэрыртальхьэ машинэхэу, гъэзэгуэр зэрауба Іэмэпсымэу, автомашинэхэу 10 кьащхэхуащ икІи а псоми сом мелуан 50-м щигъу трагъэкІуэдащ.

Кьэбэрдей-Балкъэрым и экономикэм ильэс зыбжанэ льандэрэ зэпІэзэрыту зеужь. Дэ Іэмал псори ди Іэщ мардэ хэкІ льагъ дыдэхэм тету мэкьумэш хозяйствэм, промышленностым, туризмым, ухуэныгъэмкІэ индустриемнэхъ фейдэшхуэ кьыхІуэзыкьыну кьэтІыпІа Іэнатіэхэм - зедгъэужьыныжьмкІэ. Апхуэдэ мурадхэр кьэшІыгъэлъэгъуащ зэман кІыхьым тещІыхьауэ республикэм зэрызиужьыну стратегием. Кьэбэрдей-Балкъэрыр зи экономикэм льэщу зиужьа, щыкьуэр зыхуей и Іуэхущ щыпсэу щыналъэ хьун папщІэ, дэ ефІэкІыныгъэу диІэ псори кьэдгъэсебэпынущ.

Сэ щэч кьытесхьэркъым ди мурадхэр кьызэрыдэхъулІэнум. Ди щыхуэр лэжьыгъэкІэ емызэшьжщ, хьэрычэт яхэлъщ, жьы ящІэту. Апхуэдэ хьэл зыхэлъхэр зыхуящІэжьу мурадхэм нэсыфынущ.

«Гъэгуэхэмрэ транспортымрэ» журнал, 2012 гъэм и дыгъэгъазэ мазэ

ДЫГЪУАСЭРЕЙ махуэр Къэбэрдей-Балкъэрым и Іэтащхьэ Къанокьуэ Арсен хуэхиащ республикэ бюджетым щыгъуазэ зыщІыныжьрэ абы елэжьыныжьрэ. Ар тхьэ кІуам и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхьэуам теухуауэ КЪБР-м финансхэмкІэ и министр КІэрэф Мурат ищІа отчетым едгІуащ. Республикэм и УнафэщІыр хэпльащ илъэс псом бюджет ахьшэр зэрытегушамрэ ар мазэ кьэс тещІыхьауэ къагъэсебэпыну зэрамурадыбмрэ.

Къанокьуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, бюджетыр мазэ кьэс тещІыхьауэ щызэпаудкІэ егупсысыпхъэщ ар гъэзэщІэныжьмкІэ кьыкъуэкІынкІэ хъуну гугъуехьхэми хэкІыпІэщІэхэми. Апхуэдэу абы зэпкърыхьауэ щыгъуазэ зищІащ хэщІхэм я лъэныкъуэкІэ статья псоми кьыщыгъэпльэгъуахэм. «Дэтхэнэ сомри зытрагъэкІуэдану я мурадыр Іупщу кьэгъэлъэгъуэн хуейщ. Псальэм папщІэ, кьыхэгъэщипхъэщ гъэзэгуэр зэгъэпэщыжьным е социальнэ Іуэхущапіэхэр щыным нэхъыбэ дыдэу хуэгъэпсыжьным зыкъудиІыр», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Къанокьуэ Арсен щыгъуэ 2013 гъэм КЪБР-м и бюджетым хэпльащ икІи елэжьащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и кьудзэхэу Мафьяш Иринэрэ Къудзокьуэ Мухьэмэдрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** триХащ.

Бюджетым хэплъащ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я Къэрал бюджетрэ Іуэхущапіэмрэ я Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-мрэ я лэжьыкІэр зэрахьуэкІ. Абы ипкъ иткІэ перинатальнэ центрым гуагъэхьэ клиникэ сымаджэщым и лъхуапІэ кьудамэр.

- РЕСПУБЛИКЭМ и кьалащхьэм лъхуГэм пыщІауэ щыІэ Іуэхущапіэ инхэр щызэгъэудгъэхьэр, псом япэу, акушер-гинекологие, неонатальнэ дзэпэкьуныгъэхэр икІыщІапІэкІэ едгъэфІэкІуэн икІи цыхуб зэндгъэгъэхэм ымыкІыу зыхуеину медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр ягъуэтын папщІэщ. Дэ ди кьалэнщ абы и лъэныкьуэкІэ щыІэ хэкІыпІэ псори нэсу кьэдгъэсебэпыну. Нэхъ пыухыкІауэ жыпІэмэ, иджыпсту едгъэкІуэкІ зэхъуэжьныгъэхэм Іэмал кьатынущ лъхуГэм пыщІа иджырей технологиехэр нэсу къэгъэсебэпынымкІэ. Ди мурадщ ди лэжьакІуэхэм я Іэщагъэм зэпымыууэ хэдгъэхъуэну, аехэр, хуей щыхъуэр дежь, дэтхэнэ Іэнатіэм щылэжьэфу едгъэсэну, - нужь дыдэу кьыдэкІа унафэм теухуауэ я кьыджиІащ республикэм узыншагъэр хьуэнымрэ курортхэмкІэ и министр Шэт Ирэ.

Лъхугъэм пыщІа лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІыну Іуэхущапіэ-щІэм акушерствэм, гинекологием, неонатологием яхуэгъэза медицинэ стационар дэпльыкьуныгъэр иджырей технологием тету кьызэригъэпэщыфынущ, апхуэдэу сабий щІынэхэм хирургие дэпльыкьуныгъэ иритыфынущ.

Министрым хэхауэ кьыгъэльэгъуащ медицинэ ІуэхущапіитІыр зэрызэугъэгъэхьэжьым кьыхэкІыу медицинэ лэжьакІуэхэм ящІыщу зыри я Іэнатіэхэм зэрыІуамытыжьыну.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

● Узыншагъэ

Іуэхущапіитіыр зэгуагъэхьэ

Республикэм узыншагъэр хьуэнымрэ курортхэмкІэ и министрым кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ «Перинатальнэ центр» узыншагъэр хьуэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущапіэмрэ Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-мрэ я лэжьыкІэр зэрахьуэкІ. Абы ипкъ иткІэ перинатальнэ центрым гуагъэхьэ клиникэ сымаджэщым и лъхуапІэ кьудамэр.

- РЕСПУБЛИКЭМ и кьалащхьэм лъхуГэм пыщІауэ щыІэ Іуэхущапіэ инхэр щызэгъэудгъэхьэр, псом япэу, акушер-гинекологие, неонатальнэ дзэпэкьуныгъэхэр икІыщІапІэкІэ едгъэфІэкІуэн икІи цыхуб зэндгъэгъэхэм ымыкІыу зыхуеину медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр ягъуэтын папщІэщ. Дэ ди кьалэнщ абы и лъэныкьуэкІэ щыІэ хэкІыпІэ псори нэсу кьэдгъэсебэпыну. Нэхъ пыухыкІауэ жыпІэмэ, иджыпсту едгъэкІуэкІ зэхъуэжьныгъэхэм Іэмал кьатынущ лъхуГэм пыщІа иджырей технологиехэр нэсу къэгъэсебэпынымкІэ. Ди мурадщ ди лэжьакІуэхэм я Іэщагъэм зэпымыууэ хэдгъэхъуэну, аехэр, хуей щыхъуэр дежь, дэтхэнэ Іэнатіэм щылэжьэфу едгъэсэну, - нужь дыдэу кьыдэкІа унафэм теухуауэ я кьыджиІащ республикэм узыншагъэр хьуэнымрэ курортхэмкІэ и министр Шэт Ирэ.

Лъхугъэм пыщІа лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІыну Іуэхущапіэ-щІэм акушерствэм, гинекологием, неонатологием яхуэгъэза медицинэ стационар дэпльыкьуныгъэр иджырей технологием тету кьызэригъэпэщыфынущ, апхуэдэу сабий щІынэхэм хирургие дэпльыкьуныгъэ иритыфынущ.

Министрым хэхауэ кьыгъэльэгъуащ медицинэ Іуэхущапіитіыр зэрызэугъэгъэхьэжьым кьыхэкІыу медицинэ лэжьакІуэхэм ящІыщу зыри я Іэнатіэхэм зэрыІуамытыжьыну.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

Олимп мафІэм и эстафетэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и вице-премьер Уэзы Мурат иригъэкІуэкІа зэІуІуэм щытепсэлъыхьащ 2014 гъэм и Олимп Джэгухэм я мафІэр республикэм зэрыпхрахынур зэрыщекІуэкІыну щІыкІэм, абы зэрызыхуэгъэхьэзырым.***

УЭЗЫ Мурат зэІуІуэр кьыщыхэІуихьам кьыжиІэщащ Олимп мафІэм и эстафетэр республикэм пщІэ иІэу щекІуэкІын зэрыхуейр, мыхьэнэщхуэ зиІэ а Іуэхугъуэм иджыпсту зыубгъуауэ зыхуэгъэхьэзырыным зэрыщІэдзапхъэр.

УФ-м и субъектхэм Олимп, Паралимп мафІэхэр щыІэІапхьаныр зэрекІуэкІынухэм я проектхэм я унафэщІ Кузнецов Дмитрий зэпкърыхауэ кьытеуыІащ эстафетэм и мурад нэхъыщхьэм, кьызэрэтэпэщыныгъэ Іуэхуэм ящыщу гулытэ нэхъ зыхуэщІынущхьэхэм. «Сочэ-2014»-м и Олимп мафІэр махуэ 123-кІэ Урысейм и щІыналъэ 83-м кІуэщІрыкІынущ. Псори зэхэту километр мин 65-м щІигъу гъэзэгуэнэ кьызэранэІынущ автомашинэхэмкІэ, мафІэгухэмкІэ, кхъухьлъатэхэмкІэ.

Хэкъыпіэфі мэхъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіуащэмэ Аслъанджэрий лъакъуэрыгъажэ спортымкІэ олимп резервхэр щагъэхьэзыр республикэ сабий-ныбжьыщІэ шокьым щыІащ. Абы Урысейм велоспортымкІэ и федерацием и лъкІуэхэр Адыгейм кьызэрыкІуэнум щытепсэлъыхьащ.***

САБИЙ-ныбжьыщІэ школым нэхъри зрагъэубгъуну, ухуэныгъэщІэхэр ирагъэкІуэкІыну я мурадщ Іуэхущапіэм и унафэщІхэм. А жэрдэмыр республикэм и Іэтащхьэм диІыгъащ. «Лъхьаку ярыгъажэ спорт лІэужьжьыгъэр куэдкІэ кьызэгъэпэщащ, абы кьыдэкІуэу апхуэдэ школхэм егъэджэныгъэ, мыльку я лъэныкьуэкІэ заужьын папщІэ тхуэзэфІэкъуэнщ. Сабий псори Олимп чемпион мыхъуми, нэхъыщхьэр зэдгъэхъулІэфынущ: ар щІалэгъуалэр физкультурэмрэ спортымрэ кьыхэшэнымрщ, уэрамым ахэр кьыдэмыпэныщІ», - жиІащ ТхьэкІуашынэм.

Лъакъуэрыгъажэ спортымкІэ федерацэм кьызэрилъытэмкІэ, абы Урысейм щытегъуэжьыныжьмкІэ Адыгейр хэкІыпІэфІщ. Мыгувэу абы и лЫкІуэхэр республикэм еблэгъэнущ икІи Тхьэкіушынэм щІыгъуу тепсэлъыхьынущ лъакъуэрыгъажэ спорт базэ а щІыналъэм щыухуэным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щэнхабзэ

Лізщізыгъу блэкІам фыхъэплъэнумэ

Испьэмей кьуажэм и курыт еджапІэ №24-м и пэшыкьуэм мазаем и 8-м щагъэпльэгъуэнущ пасэрей фэмпльэгъуэхэр, кинофильмыжьр, макъамэ-хэмрэ къафэхэмрэ.

ФЕСТИВАЛЫР я жэрдэмщ Бахьсэн районым администрацэм и щалэгъуалэ гупымрэ «Урысей зэкъуэт» партым и райисполкомымрэ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зи лъабжьэ мы зэхьыхьэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ иІэщ, щІэблэм лъэпкъым и хьугъуэфІыгъуэхэм пщІэ хуищІу къэгъэхуным теухуауэ.

Мы зэхьыхьэм хэтынущ районым и еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр.

Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ блэкІа илъэсхэм яІа зэфІэкІым ирипльэжьну гуькІуэж зиІэ дэтхэнэри мы фестивалым ди гуапэу фыкьыдогъэблагъэ.

УпщІэ зиІэхэр мы телефонымкІэ фыкьэпсалъэ хьунущ 4-14-50.

АЛОКЪУЭ Аринэ,
Бахьсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Жылагъуэ Іуэхущапіэхэм я нэІэм щІэту

ПсоупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и лэжьакІэм, абы щызэкІуэ уасэхэм якІэльыпльа жылагъуэ Іуэхущапіэхэр кьызэрыщыщыным теухуа жэрдэм кьыхильхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Щыхьэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ кьэрал унафэщІым иригъэжьа Іуэхущапіэ щыщхьэпІэщащ а Іэнатіэр гульытэ хэха зыхуэфащэхэм зэращыщыр.

«ЖКХ-р щыщыІэр щыхэхэрщ и лэжьыгъэр зытегъэпсыхьари махуэ кьэс дэтхэнэри зыхуей къу Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр. Абы кьыхэкІыу, я лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуауэ, зэІухуауэ щытыпхьэщ. Абыхэм япкъ иткІэ, кьыхьэлэхьэ а Іэнатіэр и кьалэнхэм зэрыпэльэщ щІыкІэм кІэльыпльын кІэ зэрыхъунум кьыхэкІыу, а Іуэхущапіэхэр зы тхьэмахуэкІэ ямыгъэлэжьну унафэ кьищтащ Саратов егъэджэныгъэмкІэ и комитетым.

Тхьэмахуэ зэхуаку блэкІам ельытауэ, областым щыху минищІым нэскІэ нэхъыбэ сымаджэ щыхьащ. Узынщагъэм кІэльыпльэ Іуэхущапіэхэм Іэмалу я Іэр кьагъэсебэп пыхуэхьэм нэхьри зимыбгъуным теухуауэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 7, *махуэку*

и Урысей щІэныгъэм и махуэщ. 1724 гъэм Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиер кьызэрагъэпэщащ.

и 1943 гъэм советыдзэхэм Курск кьалэр фашист зэрыпхьуахІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

и 1928 гъэм хуэку игъэутащ Женевэ кьыщащІа протоколым. Кьэрал 37-рэ абы щыгъуэ зэгурыІуауэ щытащ щхъухь зыхэлъ, Іур щыщыбыдыкІ, нэгъуэщІ апхуэдэгъэхэр зауэм кьыщамыгъэсебэпыну.

и Урыс химик щэрыІуэ, еджагъэшхуэ **Менделеев Дмитрий** кьызэральхурэ илъэсхэ 179-рэ ирокъу.

и Химие щэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Іэбубчыр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
<pogoda.yandex.ru> сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым 0 - 2 щыхьэнущ.

Мазаем и 8, *мэрем*

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэт.**

Лъэпкъ Іуэхутэ:

МафІэм уримыджэгу - пІэщІэкІмэ, пхуэубыдыжынкъым.

Бюджетым хэплъащ

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** триХащ.

ЕхъулІэныгъэщІэхэр иІэну

● Дифі догъэхъапІэ

АДЫГЭ ускаІуэ, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, кинопродюсер Бэлагъы Любэ кьыщалъхуар Дзэлыкьуэкьуажэ хьыхь Каменномост (Кьармэхьэблэ) жылагъуэрщ. Илъэсий хьуауэ арат абы и сабий усэхэр район газетым кьытехуэ щыхъуам. Кьыхэгъэщыпхъэщ мыри: «Кьудамэ закъуэ» зыфиІуа и япэ усэ тхылъыр бзыльхугъэм тхылъ тедзапІэм щихьам и ныбжьыр илъэс 16 хьууэ аркъудейт. Лермонтов Михаил хэгъэзэа усэр зи пэублэ тхылъыр дунеим кьытехьащ 1991 гъэм.

Любэ кьиуащ Ломоносовым и цІэр зэрихьу Москва дэт кьэрал университетым и журналистикэ факультетыр, ар филологие щІэныгъэхэм я докторщ, Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемэ хэтщ, КъБР-м ЩІэнхабзэмкІэ и фондым тхакІуэ ныбжьыщІэхэм папщІэ иригъэкІуэкІа зэхъэзэхуэм и саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ, «Адыгэ псалъэ» республикэ газетымрэ Дунейпсо Адыгэ фондымрэ я саугъэтхэми я лауреатщ.

Бэлагъы Любэ и Іэдакъэ кьыщІэкІащ тхылъ хьэлэмэт куэд, усэу тха романхэр, литературэ, публицистикэ тхыгъэ щхьэхуэхэр. Ахэр кьыщыдогъащІащ Урысейми, США-ми, Къуэкіыпіэ Гъунэгъуми.

Бэлъкъуэм Іэщ(щ)ІащІ тхыдэмрэ Іуэрыіуатэмрэ. Гроэный Иван, пащтыхь гуащэ Марие, нарт гуащэ Сэтэней сымэ я деж кьыщыщІэдзауэ идырей цІыхубзым и шыфэзІыхьфэмрэ и дунеймрэ зи тхыгъэхэм щызэфІэзыгъуэ Любэ и гуащІэр инщ.

Бэлагъы Любэ псалъэ гуапэ куэди хужаІащ.

«1990 гъэм я гугъу тщІымэ, Кавказ Ищхьэрэм и усакІуэхэм кьаколыдыкІ Бэлагъы Любэ. Анэдэлъхубзэмрэ Хэкумрэ яхуиІэ лъагъуныгъэр кьызэриІуатэ псалъэхэр шэрыуэщ, купщІафІэщ» (Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и унафэщ) **Ганичев Валерий**).

«КьызэхэкІа лъэпкъым и блэкІамрэ абы и лъабжьэр кьыщежьэмрэ псэкІэ зыхищІэну дауэ кьэхъуІэрэ мы бзылъхугъэ щыпкъэм? Дэнэ кьрихьрэ кьару лъэщкІэ гъэнщІа и псалъэхэмрэ гупсысэ купщІафІэхэмрэ... ЖыпІэ хъунущ, япэІуэкІэ ита классикэхэм хаша лъагъуэм Бэлагъы Любэ ирикІуэу. Ар усакІуэ тельыджэщ» (УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым и ягъэ секретарь **Лянин Игорь.** 2002 гъэ).

«Гу кьабзэрэ псэ кьулейрэ зиІэ цІыхум дуней псор хуэІухащ. Апхуэдэщ Бэлагъы Любэ. Ар усакІуэ Іэззщ, зи псалъэмкІэ лъагъуныгъэри гугъуехьри зыхьзэщІыгъэ (Балкъэр усакІуэ **Моттаевэ Светланэ,** 2004 гъэ).

Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» романыр (урысибзэкІэ щызэрадзэкІым «Царская любовь» (Псэщыгъэр игъуэтащ) щІащІыгъущ. Сэ сызэрепльымкІэ, тхыгъэм абы щызэфІигъэуващ адыгэ лъэпкъым и гъащІэ щІэнгъащэр (усакІуэ, критик **Переяслов Николай**).

ТхакІуэ **Иванов Геннадий** «День литературы» газетым (Москва, 2004 гъэм и мэлыжьых мазэм, №24-м) щитхауэ щыта «Поэзия наших дней» тхыгъэм кьыщыхигъэщащ Бэлагъы Любэ и творчествэм гупсысэ зэрыщІэлъыр, ар усакІуэ пажэхэм яхэбгъэхь зэрыхьунур.

Бэлагъы Любэ и Іэдакъэм кьыщІэкІащ мыпхуэдэ тхылъхэр: «Къудамэ закъуэ» (Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэ, 1991 гъэ), «Мывэ сэрей» (Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэ, 1997 гъэ), «Дыгъэм и гъуэгу» (Иордание, Налшык, 2000 гъэ); «Молюсь я на адыгском языке...» (Москва, «Голос-Пресс», 2002 гъэ), «Гуащэнэ» - усэбзэкІэ тха роман (Налшык, 2005 гъэ), «Царская любовь» (Москва, 2007 гъэ) «Гъэунэхуп!э» (2008 гъэ), «The Empress» (USA, Wingspan, 2008 гъэ), «I say my prayers in Circassian» (USA, Wingspan, 2008 гъэ), нэгъуэщІхэри.

Дохъуэхъу и Іэщащ!экІи и лэжьыгъэкІи усакІуэр ефІэкІуэну.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ

Политикэ

Мах уэ ку

Кавказ Ищхъэрэ

Жыл агъуэ

● Дагъыстан

Къулыкъур щIыхэгъэ хэлъу зэIэпытхынущ

Дагъыстаным и президенту щыта Магомедов Магомедсалам жэуап кIэрыгащ «Комсомольская правда» газетым и лэжьакIуэр зыщIэупщIахэм.

- Уэ 2010 гъэм и мазаем Дагъыстаным и президенту уагъэувауэ щытащ. Абы дыщIэрэ ипъэснщ дэкIащ. Сыт пхуэзфIэкIа?

- Сэ къызолытъ и аэрамым дэ зыкъом къыдэхъулIауэ. ЩытыкIэр зыкIи ещхьыжкъым 2010 гъэм, хэбгъэзыхьмэ, 2011 гъэм щыIам. Нужь ильэсхэм ди деж хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ щыхъуащ террористыныгъэ зиIэ щIэпхьаджагъэхэр.

- Абы щыхьэт техьуэ щапхьэхэр кьыпхуэхьыну?

- Псалъэм и хьэтыркIэ, нэгъабэ террорист щIэпхьаджагъэу яIэжьар ТIу кьудейщ, абы щыгъуэми абыхэм я бжыгъэр 2010 гъэм 10, 2011 гъэм 8 хъурт. Дауи, зэгугъэн хуей кьалэнхэр щыIэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр зыпыщIари экстремизмэрэ терроризмэрщ. Ауэ дэ зыкъом тхуэзфIэкIащ зэхэщIэ я зэхэщIыкIыр къэтIэтын и лъэныкъэкIэ.

- Экономикэр-щэ?

- Улахуэм хуэдэ зырэ ныкъуэкIэ хэхъуащ. Дэ тIыэкIащ нэгъабэ республикэм и экономикэм инвестицIу сом меларди 150-рэ кьыхедгъэхьхьэн. Iуэхущапlэшхъуэ дыдэхэу зыбжанэм лэжьэн щIадзащ. ПсэупIэу метр зэбгъуэнатIэ мелуанрэ мин 500-рэ 2012 гъэм духуащ. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIынатIэхэм псоми зэхэту ящIам нэхъ-нэхъыбэщ. А бжыгъэр Урысейм щынэхъыфIхэм ящыщщ. Ауэ сэ схужыIэнукъым ди лэжьыгъэм щыщIэныгъэхэри хэмылъауэ.

- Сыт атIэ кьывэмыхьхьулIар?

- ЩIыгъуэжьнщи, жылагъуэр нэхъыфIу зэгурыIуэ хъуащ, дин зэпэщIэтыныгъэм кIэ еттащ.

- Сэ сызыхуейр фхуэзфIэмыкIахэр кьыжеплэныр.

- ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зи гугъу тщIы кьалэнхэр апхуэдэ пIалъэ кIэщIым и кIэм нэсу пхуэзфIэгъэкIыныкъым:

- Мы упщIэр уэ, дауи, унэу нрихьыныкъым: Сыт уэ уи кьулыкъум утекIинхуей щIэхъуар?

- Сэ сытекIыным теуха унафэр хъэтщащ псынкIыныгъэ ди зэгурыIуэри. Сэ Путиным сыкъуэпэжщ гукIи псэкIи. Абы нэхъ фIэкъабылщ мы пъэхъэнэм сэ Москва сыщылажьэныр. Сэ ар щIыхьышхуэу кьызолытэ.

- Уи псалъэхэм ятепщIыхьмэ, уэ Путиным кьыбжниIащ и къулыкъум утекIыну?

Иджырей урысей политикэр зыхуэдэр, ар 2013 гъэм зыхуэгъэзащэу щытыныр кьыхэрыщIихьым кьытхутепсэлъыхьыкIэ дыдэ зыIущ политолог щIэрыIуэ Павловский Глеб.

Мы гъэми тетыну?

- Глеб, Президентыр иджырей ПравительствэмкIэ арэзы? Министрэхэр я Кабинетыр мы гъэм зэрахьуэкIынкIэ хьунщ?

- Правительствэр щытрагъэжьну щхьэусыгъуэ зыбжанэ кьыкIуэкIащ, ауэ Президентыр абы зэремыIуэлIэнур белджылыщ. Iуэхухэр нэхьри зэпыхьэныр щыщIынэу кьыщIэхъунущ. Нэгъабэ пенсэ зэрат хабзэр зэхьуэжыныр кьалэн нэхъыщхьэу щытащ. АрщхьэкIэ ар зэрызэрахьуэкIар кьемызэгъэыущ. Махуэ кьэс сом мелуанэр мэбзэх, 2015 гъэмэрэ кьыхьIэлыкIуэ ильэсхэмрэ пенсэм кIуэнухэм иратыну ахъшэ яIэжьныкъым, егъэджэныгъэ Iэнатlэм и реформэрэ Iуэхущхьэщ.

Е.зы властми Iуэхуэр тэмэму хуэекъэжыркъым - куэд Правительствэм хэкIащ, абы-хэм я пIэ иувахэм зэкIэ лэжьэкIэ ящIэрыкъым. Араш унафэ зэпэщIэнахэр кьыщIамыщIэфыр. Следствэ комитетыр хуит ящIа хуэдэщ Iулъхьэм егъэщIылIа Iуэхуэхэр пэрыуэнщэу кьыпIэтыну. Дауи, хуагъэува мардэм и щхьэкIэ дэмыIэбейуэ. Ар мэлажьэ Къэрал Думэм и депутатхэм кьыхуагъэльагъуэхэр и гъуаэзу.

Президентым куэдрэ жеIэ «даущIыншэу щыщыта зэманыр» Урысейм и кIэм щынэсауэ, къэрарамэ Iуэхуэ куэд кьыпэплъэу. Сэри апхуэдэу согупсыс. Си гугъэщ апхуэдэ зэIумыбзыр гъэмахуэр къэсыху екIуэкIыну. ИтIанэ е Премьерым лэжьэн щIидзэнщ е Путин Iуэхум кьыхэIэбэнщ. Сэ сльагъуркъым абы мы Правительствэр щIихьумэн щхьэусыгъуэшхуэ икIи си гугъэ-кьым ар дэ дымыщIэ гуэрхэмкIэ Медведевым гурыIуэу.

Къаугъэхэм хэмыкIыу

- Къэрал Думэр япэ ильэсым зэрыплъэжьыгъэнэж тщыхьуащ. ДяпэкIи абы «дингъэгуфIэну» зэмыгупсыса законхэмкIэ?

- Сэ си гугъэжьым Президентым и Администрацэм щыщхэр Думэм и депутатым зы делагъэ гуэр ялэжьыну елъэIуу. АрщхьэкIэ, нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, апхуэдэ делагъэ гуэр кьыхамылъхьэныжмкIи зыри япэрыуэркъым.

БлэкIа ильэсхэм Думэм кьищтэу щытащ езы депутатхэм ямыгъэхьэзыра хабзэ кьежьэгъэхэр. Депутатхэм Iэ яIэтыр псалъэмакъыншэу. Иджы я бзэр кьиутIыпщащи, дольагъу парламент партхэм хагъэхьахэр зыхуэдэр. Властым и партым и мызакъуэу, адрей фракцIэхэмэ - КПРФ-м, ЛДПР-м, СР-м.

- Iулъхьэхэр зэрызэIэпэхьым, мылькухэр зэрызэрапхьуэм егъэщIылIа бэнэныгъэм и гугъу кьытхуэщIыт. Тепщэгъуэр зыIущIэнхьэр зыгуэркIэ кьыжьэдакъуэрэ?

- Абыхэм, дауи, къагурыIуащ кьэбдыгъуэ ахъшэ кьэпуи дамэм телъу щыпхькIэ усакIын, закъыпэщIумыгъэхуэн зэрыхуейр. Бэнэныгъэр йокIуэкI министрхэм, Москвараджыналъхэмэр яку дэлъ зэхущытыкIэхэм яльэмыIэсу. Щым кьулеигъэхэр кьыщIэзыш, кьыщIэзых Iэнатlэхэм, финанс Iуэхущапlэхэм я гугъу яущIыкъым. ГЛОНАСС-р и кIэм зэрынамыгъэсар, ахъшэр зэрадыгъэр кьыщIэщIа нэжьж, космос промышленностыр зэрызэхашхьхьар икIи зэрызэхадыгъуар, абы жьжьэуи ебгъэкIуалIэ мыхъуну гуэрхэм Iэнатlэхэр зэрарыгъыр. Зи гугъу тщIы бэнэныгъэр зращIылIар завхозхэмрэ министрхэм я къуэдзэхэмрэщ...

ЩытыкIэм хуабжьу уегъэгуавэз: щэ литрым и уасэм и процент 30-м нэблагъэм корруп1э лъабжьэ яIэщ. ЕтIуанэ бжьыгъэм и гугъу тщIынти: къэралым и кьуленгъэхэм я процент 30-р цыхьуищэм хуэдизым яIэщIэльщ. Абы уигу кьеГъэкIыж Инджкылызым Индиер щыIэщIэльа лъэхъэнэр. А зэманым колонизаторхэмрэ щIыпIэм щыщ лIакъуэлIэщхэмрэ цыху мелуанхэр ягъэпщылIыр. УрысеитIыр - инри цыкIури - мэпсэу щхьэж езым и хабзэхэм тету. Псальэм и хьэтыркIэ, Депарлье Жерар Урысейм кьызэрыкIуам и гугъу щыпщIкIэ, кьыумылытэнкIэ Iэмал иIэкьым ар етIуанэ Урысейм - мылькушхэу зыбгъэдэлъхэм я гупыр щыпсэум - зэрыщыщыр.

Алхуэдэ зэщхьэщыкIныгъэшхуэ щыщыIэм деж демократием утепсэлъыхьыныремыкIущ. Зи гугъу щIын хуэрп демократиеркъым, атIэ къэралыр кьыхэтенэнырщ. Iуэхур, уеблэмэ здэщыIэри оппозицIэркъым, мыарэзыныгъэ Iуэхуэхэркъым. Хэбгъэзыхьмэ, ахэращ зэкIэ щыхуэм закъезымыгъэлэтыр. Щыхуэр хуабжьу зэгуоп, ауэ уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну гугъущ Навальным е Каспаровым Кремлым ЖКХ-м екъэлIа Iуэхуэр щыIэфIагъэкIыу пльагъуну.

Ди тхъэмыщкIагъэр кьыызэхэIыр нэгъуэщIщ: зэманыр макIуэ, къэралыр кьыкIэроху. Властым и кьарур трегъэкIуадэ зэзу дыхьэшхэным - оппозицэ «хужьым» пэщIэтыным. Льэныкъуэхэм зым зыр ягъэкъуаншэ. АтIэ хэт лъэкъунур? Пушкин?

Щынагъуэ белджылыр кьыспкърыкIыр хабзэ гуэрми темыт бэнэныгъэу тепщэ гупхэм зэращIылIарщ. Мыгувэу ахэр нэIэм щIэмынущ. ЗэмIэ абыхэм зэкъупсэу загъэлу. АрщхьэкIэ, я сэбэп зыхэлъыр зыгуэркIэ кьыпабыду гу зэрыльатэу, нэгъуэщI льэныкъуэкIэ зрагъэбэнущ.

Тепщэ гупхэр къэралым зэрыбгъэдэкIар нэрылъагъущ. Ауэ ар игъэкIыжкIэ зезыхьэр абыхэм ящыщ гуп зыбжанэщ. Зи гугъу тщIыхэм пщIэ зыхуащI яхэткъым. Абыхэм ящыщ зыри, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр тегъэщIапIэ ищIу, нэгъуэщIым нахуэу пэщIэувэфынукъым. ДяпэкIэ ззрызэдзэгъуэгурыкIуэну хабзэ пыухыкIахэр кьыхилъхьэфынукъым. Пэжщ, щыIащ судья - Путинщ. Ауэ аракъым зэрыдджэгу хабзэхэр зыубзыхур...

Корруп1эмрэ кьулыкъущIэ нэхъыщхьэхэмрэ зэпэIэщIэ зэрыпщIыфын хабзэ зэхалъхьэн хуейщ. Мы Iуэхум теухуауэ псори арэзы зытехьэн унафэ кьыпхуэщIэнукъым икIи зыгуэркъым зыгуэр яфIэкIуэдын хуей хъунущ.

КОЛЕСНИЧЕНКО Александр.
«Аргументы и факты».

● Къэралхэр

Ким и унафэхэр

КНДР-м и Iэтащхьэ Ким Чен Ын къыхуриджащ Кореем и Лэжьакъуэ партым и «тепльэр зэрахьуэкIынуэ, абы щIыхьфIэн яхуиIэ пщIэныгъэхэри ягъэбыдэну.

УНАФЭЩIЫМ ар щIыжиIащ парт организацэхэм я секретархэм я епIанэ конференцым. Ар Пхеньан щекIуэкIащ. Къэдгъэлъэгъуэнщ апхуэдэ зэIущIэхэр зэрыщемыкIуэкIыр. ИпэкIэ псори зэхэту конференщIэ екIуэкIауэ аращ - 1991, 1994, 2007 гъэхэм. IэщIагъэлIхэм къалъытэ иджы Ким Чен Ын мы Iэмалыр кьигъэсэбэпу езым и пщIэр партым и пщIэдзэ къудамэхэм кьыщIэтыну и мурадауэ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыщIыпсальэм, КНДР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщIхьэхуэкIащ мыпхуэдэ конференц иригъэкIуэкIын хуейуэ и адэ «Ким Чен Ир уэсату къыхуигъэнауэ зэрыщIтар». «Политикэ къару нэхъыщхьэу щыт икIи революцIэм ухуэныгъэмэ я унэтIакIуэ партым и тепльэр зэхъуэкIын хуейщ», - жиIащ Ким Чен Ын. Абы къыдэкIуэу секретархэм ягу къигъэкIыжащ «партыр нэхъ зэхъуэувэн, цIыхубэм яхуиIэ пыщIэныгъэхэр нэхъри игъэбыдэным хущIэкъун зэрыхуейр».

Псалъэм къыдэкIуэу

«КНДР-м ядернэ гъэунэхуныгъэхэм пищэмэ, Китайм шэч гуэри хэмылъу игъэмащIэнущ Пхеньан зэрыдэIэныкъыр», - къыщIэлъэгъуащ Пекин къыщыдэкI «Жэньминь Жибао» газетым и редакцIэ тхыгъэм.

IащIэхэм Ким къалъытэ, Китайр хуейм, КНДР-р гугъуехь куэд хидзэфыну, уеблэмэ иджы си тетыгъуэхэр тригъэкIыфыну.

КИРЬЯНОВ Олег.
«Российская газета».

● Iулъхьэхэр

Хэт зыгъэкъэбзэнур?

Правительствэр щIихьумэн щхьэусыгъуэшхуэ икIи си гугъэкIым ар дэ дымыщIэ гуэрхэмкIэ Медведевым гурыIуэу.

зэрыхуейр. Бэнэныгъэр йокIуэкI министрхэм, Москвараджыналъхэмэр яку дэлъ зэхущытыкIэхэм яльэмыIэсу. Щым кьулеигъэхэр кьыщIэзыш, кьыщIэзых Iэнатlэхэм, финанс Iуэхущапlэхэм я гугъу яущIыкъым. ГЛОНАСС-р и кIэм зэрынамыгъэсар, ахъшэр зэрадыгъэр кьыщIэщIа нэжьж, космос промышленностыр зэрызэхашхьхьар икIи зэрызэхадыгъуар, абы жьжьэуи ебгъэкIуалIэ мыхъуну гуэрхэм Iэнатlэхэр зэрарыгъыр. Зи гугъу тщIы бэнэныгъэр зращIылIар завхозхэмрэ министрхэм я къуэдзэхэмрэщ...

ЩытыкIэм хуабжьу уегъэгуавэз: щэ литрым и уасэм и процент 30-м нэблагъэм корруп1э лъабжьэ яIэщ. ЕтIуанэ бжьыгъэм и гугъу тщIынти: къэралым и кьуленгъэхэм я процент 30-р цыхьуищэм хуэдизым яIэщIэльщ. Абы уигу кьеГъэкIыж Инджкылызым Индиер щыIэщIэльа лъэхъэнэр. А зэманым колонизаторхэмрэ щIыпIэм щыщ лIакъуэлIэщхэмрэ я цыху мелуанхэр ягъэпщылIыр. УрысеитIыр - инри цыкIури - мэпсэу щхьэж езым и хабзэхэм тету. Псальэм и хьэтыркIэ, Депарлье Жерар Урысейм кьызэрыкIуам и гугъу щыпщIкIэ, кьыумылытэнкIэ Iэмал иIэкьым ар етIуанэ Урысейм - мылькушхэу зыбгъэдэлъхэм я гупыр щыпсэум - зэрыщыщыр.

Алхуэдэ зэщхьэщыкIныгъэшхуэ щыщыIэм деж демократием утепсэлъыхьыныремыкIущ. Зи гугъу щIын хуэрп демократиеркъым, атIэ къэралыр кьыызэхэIыр. Iуэхур, уеблэмэ здэщыIэри оппозицэркъым, мыарэзыныгъэ Iуэхуэхэркъым. Хэбгъэзыхьмэ, ахэращ зэкIэ щыхуэм закъезымыгъэлэтыр. Щыхуэр хуабжьу зэгуоп, ауэ уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну гугъущ Навальным е Каспаровым Кремлым ЖКХ-м екъэлIа Iуэхуэр щыIэфIагъэкIыу пльагъуну.

Ди тхъэмыщкIагъэр кьыызэхэIыр нэгъуэщIщ: зэманыр макIуэ, къэралыр кьыкIэроху. Властым и кьарур трегъэкIуадэ зэзу дыхьэшхэным - оппозицэ «хужьым» пэщIэтыным. Льэныкъуэхэм зым зыр ягъэкъуаншэ. АтIэ хэт лъэкъунур? Пушкин?

Щынагъуэ белджылыр кьыспкърыкIыр хабзэ гуэрми темыт бэнэныгъэу тепщэ гупхэм зэращIылIарщ. Мыгувэу ахэр нэIэм щIэмынущ. ЗэмIэ абыхэм зэкъупсэу загъэлу. АрщхьэкIэ, я сэбэп зыхэлъыр зыгуэркIэ кьыпабыду гу зэрыльатэу, нэгъуэщI льэныкъуэкIэ зрагъэбэнущ.

Тепщэ гупхэр къэралым зэрыбгъэдэкIар нэрылъагъущ. Ауэ ар игъэкIыжкIэ зезыхьэр абыхэм ящыщ гуп зыбжанэщ. Зи гугъу тщIыхэм пщIэ зыхуащI яхэткъым. Абыхэм ящыщ зыри, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр тегъэщIапIэ ищIу, нэгъуэщIым нахуэу пэщIэувэфынукъым. ДяпэкIэ зэрызэдзэгъуэгурыкIуэну хабзэ пыухыкIахэр кьыхилъхьэфынукъым. Пэжщ, щыIащ судья - Путинщ. Ауэ аракъым зэрыдджэгу хабзэхэр зыубзыхур...

Корруп1эмрэ кьулыкъущIэ нэхъыщхьэхэмрэ зэпэIэщIэ зэрыпщIыфын хабзэ зэхалъхьэн хуейщ. Мы Iуэхум теухуауэ псори арэзы зытехьэн унафэ кьыпхуэщIэнукъым икIи зыгуэркъым зыгуэр яфIэкIуэдын хуей хъунущ.

КОЛЕСНИЧЕНКО Александр.
«Аргументы и факты».

● Хьэпс

Урысейм щыщу минибл

УФ-м щыщ медардырыбжь Полонскэр Камбоджэм щIыщагъэтIысар сыт? Урысейм и щIыхь куэд ис нэгъуэщI къэралхэм я лъэхъэщхэм?

- Урысей хьэрычэтыщIэ Полонский Сергей Камбоджэ жьжьэм хьатIыгупсэ къыщIидзэхуат икIи и ныбжьэгъуэр и гъусэу абы зэманыр нэгъуэщжьу щигъакIуэрт. ИлъэсыщIэр щагъэлъапIэм ар щIыпIэ тутнакъэщым къыщIэхутащ. Хабзэхъуэмхэм зэрыжаIэмкIэ, яхтэ ирихужьну мурад иIащ, уеблэмэ щIэпхъаджагъэ езымыригъэщIну хэтахэм езэуащ, тенджызым хидзаи яхэтщ. Зэрыщтыгъуейм, фадэр зэринэрыгъым къыхэкIыу, тезыр нэхъ гуащIэхэр тралъхьэ-трах зэпыту иджыри кьэж ар лъэхъэщым исщ.

Урысейм И.IэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIэмкIэ, абы и закъуэкъым ди хэкуэгъуэхэм ящыщу щIыналъэ жьжьэхэм тезыр щезыхьэкIхэр. Абыхэм я бжыгъэр 2012 гъэм минибл1ым ибл1ар, ауэ щатауэ къалъытэ. УФ-м и МИД-м мыбдеж щыщIегъьж языныкъуэ къэралхэм ди цIыхухэр зэрыщащIуубдамкIэ е зэрыщагъэтIысыпамкIэ хъыбар кьызэрырамыгъашIэр. Бэлыхь хэхуа езы урысейхэм ящыщ куэдми яфIэфIкъым ядэIэпыкъуну ди консульствэхэм кьелъэIуну.

Я.гъэкъуэшха ди хэкуэгъуэхэм я нэхъыбэм тезырхэр щрахьажкI СНГ-м, апхуэдэу Урысейм и цIыхухэр щыкуэд къэралхэм - Германием, США-м, н. Ахэр щыщIыбгъэ япэщIоху Iэпхъуэшапхъуэ хабзэхэр кьызэрызэпэуадам, зэрыгурбиналм, зэрыдыгъуам, автомашинэхэр зэрырахужьам кьыхэкIыу. Урысейм икIаэр цIыхухэр укIыным, хъунщIэным, афиянхэр игъэкIыным хуэдэ щIэпхъаджагъэ хъэльхъэхэм хэпщIакъым.

«Аргументы и факты».

Тхылъымпlэ Iувым и пIэкIэ

● ЩIэ

2015 гъэм Урысейм электрон пластик паспортхэр яту щыщIадзэнущ, тхылъымпIэм къыхэщIыкIаэр 2025 гъэм ирихьэлIэу щыIэжьмукъым. Апхуэдэ хабзэгъэзыде проект зэхилъхьащ IэпхъуэшапхъуэхэмкIэ фэдеральнэ Iуэхущапlэм.

ТХЫЛЪЫМПIЭМ къыхэщIыкIа паспортхэм гъащIэшхуэ яIэжьмэ. Аэр зэрахъуэкIынущ микрочип зыхэт пластик картэхэмкIэ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ахэр яIэн хуейщ Урысейм и цIыхухэу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм.

Абы щыгъуэми, тхылъымпIэ паспортхэр къагъасэбэлъну хуит ящIынущ 2025 гъэ къэсыхукIэ. Совет паспортым къаду иIэжьнукъым пластикыр къызэрежьэу - нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2015 гъэр къызэрыс. Iуэхущапlэм къельытэ зи гугъу тщIы зэхъуэкIынигъэм пластикыр зэхащIынущ зэхъуэщащIэну. «Электрон паспортым щыугъэнэшэу кьигъэлъэгъуэфынущ цIыхур зищIыс дыдэр», - итщ проектым дыхэзыгъэгъуэзэ тхыгъэм.

Апхуэдэу Iувым къалъытэ пластик паспортыр нэхъ зехьэгъуафIэу зэрыщытынур. Электрон картэхэм зэгъэмэщIынущ паспортхэм трагъэкIуадэ тхылъымпIэр. Абы электрон IэмэсымэхэмкIэ зэфIагъэкI Iуэхуэр игъэбагъэунущ.

КРИВОШАПКО Юлиа.
«Российская газета».

● Къэзыдзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр

Оперетт жанрым Кальман Имре (и цIэ-унэцIэ дыдэр - Копштейн Иммерихщ) хуищIа хэлъхьэныгъэм хуэдэ ящыкIи къыздэсым зыми къехьулIакъым. Венгр композитором и оперетт 17-м я нэхъыбэр уахътыншэу къальытэ.

МылькукIэ унэхъуеинш хъунукъым жаIэ, ауэ Имре ахъшэр зэрыхуримыкъур араш композитор зызыгъэбзылъхьэжм Iумпэм ящI опереттэм зритын хуей щIэхъуар. Ийли ар къэпщакъым. Композиторыр илъэс 25-рэ хъуа кьудейуэ арат и ипэ опереттэр («Осенние маневры») Будапешт 1908 гъэм щыщагъэльэгъуам. Абдеж щегъэжьауэ Европэм цIэрыIуэ дыдэ щыхъуащ Кальман Имре. Ар 1953 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ и IэдакъэщIэкIэхэм иджыри ныбжь къытридзакъым. Композиторым и фэепль куэд Австриемрэ Венгриемрэ щыIэщ, уеблэмэ ары и сурэт зытет пощт маркэ ящIащ.

Улахуэ иратырт, зэрылажьэри сыхьэтийт

● Ар зэрыщытар

Хэку зауэшхуэм и зэманым гъэрящIа нэмыщIхэмэ, апхуэдэу Германием и тельхъэу къэувэ къэралхэм я сэлэтхэу, офицерхэу ди дзэм нубыдахэм я бжыгъэр зыхуэдизыр щытам теуауэу тхыдэлжьэкIэм жаIэр зэтекIуэрякъым. Апхуэдэу куэд щыгъуаэзкъым ахэр ди деж зэрыщыIа щIыкIэмэ.

Ахэр мащIэкъым

КЫЫЗЭРАЛЫЫТЭМКIЭ, зауэм и зэманым Дзэ Плъыжьым гъэр щынщIау Германи вермахтым и сэлэту, офицеру, апхуэдэу Ещанэ рейхым кьыкIуэта къэралхэм я цIыхуу мелуани 3-рэ мини 486-рэ.

1941 гъэм СССР-м и НКВД-м гъэр хъуа зауэлIхэм, лъахэм ирагъэкIахэм я IуэхуэхэмкIэ и кьудамэ нэхьищIхэм (ГУПВИ) кьызэригъэпэщу щIидзащ апхуэдэхэр щыIэ лагерхэр икIи абы-хэм я бжыгъэр 300-м нэсащ, дэтхэнэми цIыхуи 100-м кьыщыщIэдзауэ мини 3 - 4 хуэдиз щыIэщIу.

Ахэр Совет Союзым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэ дыдэхэм щыIэт - Москвэ и Iэшэльашэхэм, Къэзахъстаным, Сыбырыр, Къузнэцкыпlэ Жьыжьэм, Узбекистаным, Ленинград, Воронеж, Тамбов, Горький, Челябинск областхэм, Удмуртием, Тэтэрым, Армением, Куржым, нэгъуэщI щыпIэхэми. Бийм иубыда областхэмрэ республикэхэмрэ хуит кьызэращIыжьым ельытауэ апхуэдэ лагерхэр кьыщыIэзIуах Украинэм, Прибалтикэм, Белоруссием, Молдавием, Кьрымым.

ЗэрыпхъуакIуэу щытахэм я Iуэху Iейтэкьым, гъэр хъуа совет зауэлIхэу нэмыщIхэм щаIыгъхэм ебгъапщэмэ.

НэмыщIхэмрэ абыхэм кьадзэгухэмрэ ящыщ дэтхэнэми зы жьщ-махуэм щIакхъуэ грамм 400 (1943 гъэм и ужькIэ грамм 600 -700-м нэсащ), бдзэжьей грамми 100, курпIэ грамми 100, хадэхэмкIыу, кIэрпIофу грамм 500, фошыгъуу грамм 20, шыгъуу грамм 30, апхуэдэу хьжжыгъэ, шей, кьыжьыгъэ дагъэ, уксус, шыбжий тIэжьIу иратырт. Генералхэмрэ сымаджэ хьуа сэлэтхэмрэ зыкьомкIэ нэхъыбэр ялысырт.

Махуэм зэрылажьэр сыхьэтийт. 1942 гъэм щыщхьIыи и 25-м СССР-м и НКВД-м кьыдигъэкIа унафэм ипсэ иткIэ, ахьшэ гуэрэ яIэрыхьэрт, Сэлэт кьызэрыгуэкIэм маздэм сомий 7, офицерхэм сомий 10, полковникхэм сом 15, генералхэм сом 30. ЗэфIагъэжьI лэжьыгъэм и гугъуагъым тещIыхьауи захьшэм хущIагъурт. ИщIэн хуейм щIеныгъэгъур мазэ кьэс тумэни 5-кIэ ягъэпхьаэрт. Зи Iэнатlэм ехьулIэ бригадирхэм тумэни 10 щIэрыхьэ кьэхъурт. Ахъшэхэр хьуманIэхэм захлъхьрт. Гъэрхэм езыхэм я къэралым кьикIа ахъшэ, мазэ кьэс зы письмо кьахуэкIуэ хьурт. Езыхэм я Iыхьлыхэм хуатх письмохэм я бжыгъэм мардэ хуагъэувакъым.

Абы кьыдэкIуэу, пщIэншэу сабын, я щыгъынкэр хъыбий хуъамэ, кIагуэ, н.кь. иратырт. Гъэрхэр щылажьэрт щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Ахэр щыплъагъунут тайгамк, колхоз губгъуэхэми, ухуэныгъэ Iэнатlэхэми.

Гугъуехьхэри щыIэт. Псальэм и хьэтыркIэ, генералхэмрэ офицерхэмрэ хуиттэкьым денщикхэр яIэну.

Сталинград къыщыщIэдзауэ Елабугэ нэс

ГъЭРХЭР я нэхъыбэр сабыит, я кьалэным щыщIрагъэгъуэн щыIэу лажьэрт.

ЦIыху куэдым зэгъуэсу зыкьыщIэт кьэхъуакъым. Рябовэ кьуажэм и гъунэгъу лагерь №75-м щыIэт. Мензаи яхуэлажьэртэкьым, сымаджэу фэ зытригъаурт, дохутырхэм узынщу кьалыта пэтми. ЩIэпхъуэкIыну хэтащ, аращхьэкIэ яIущIэкIаным. ИтIанэ, увыпакъым, и Iэ бэлагъ сэмэгур сэкIэ пиупщIыжащ. А уIэгъэр куэдрэ кIыжакъым езым и зэранкIэ. Щымыхъужьым, дэ трибунымк ираташ. Нэхъ нацист еру дыдэхэр щыIэ Воркута кьыщагъэхутащ Мензаки.

Краснокамск и гъунэгъу лагерь №207-р нэхъ нужьу зэхуэщIыжахэм ящыщщ. Ар щыIащ 1949 гъэм и кIэм нэсыху. Абы щыIагът щIэпхъаджагъэхэр ягъэхьэзыру шэч зыхуащIахэр, яубыда совет щIыналъэхэм хьэкIэкъуэкIагъэ щагъэзрахьауэ, гестапом, СС-м, СД-м, Абверым япщIауэ шэч зыхуащIахэр. Щэпхъуэкыну хэтащ, аращхьэкIэ яIущIэкIаным. ИтIанэ, увыпакъым, и Iэ бэлагъ сэмэгур сэкIэ пиупщIыжащ. А уIэгъэр куэдрэ кIыжакъым езым и зэранкIэ. Щымыхъужьым, дэ трибунымк ираташ. Нэхъ нацист еру дыдэхэр щыIэ Воркута кьыщагъэхутащ Мензаки.

Краснокамск и гъунэгъу лагерь №207-р нэхъ нужьу зэхуэщIыжахэм ящыщщ. Ар щыIащ 1949 гъэм и кIэм нэсыху. Абы щыIагът щIэпхъаджагъэхэр ягъэхьэзыру шэч зыхуащIахэр, яубыда совет щIыналъэхэм хьэкIэкъуэкIагъэ щагъэзрахьауэ, гестапом, СС-м, СД-м, Абверым япщIауэ шэч зыхуащIахэр. Щэпхъуэкыну хэтащ, аращхьэкIэ яIущIэкIаным. ИтIанэ, увыпакъым, и Iэ бэлагъ сэмэгур сэкIэ пиупщIыжащ. А уIэгъэр куэдрэ кIыжакъым езым и зэранкIэ. Щымыхъужьым, дэ трибунымк ираташ. Нэхъ нацист еру дыдэхэр щыIэ Воркута кьыщагъэхутащ Мензаки.

Нацист еруэхэм щIэпхъаджагъэ яIэжьыныр я гурашэу зэрыщытыр нэрылъагъут. 1945 гъэм накьыгъэм и 7-м СС-м и «Щхьэ лIа» дивизэм унафэ щащIат гъэр хъу офицерхэм «тасхъэщIэх лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну, зэрахуэзэфIэкIкIэ зэран хъуну, кьапэщIэхуэхэр кьагъэуну».

Тэгъэ АССР-м щыIэ лагерь №119-м кьыщыхъуащ Москва нэсэ Iуэхуэгъуэ. Абы щыIэтэ румынхэм ящыщ лейтенант Чампаеру езым и лъахэгъум пхъэбгъуэкIэ зыбжанэрэ еуащ, абы румын антифашист цIэрыIуэ Гроза Пётр зэрызыхуагъаэз тхыгъэм Iэ зэрыщIидзэм кьыхэжIыну. Чампаеру жиIащ а зыхуэгъэзэныгъэм Iэ щIэхьадза нэгъуэщIхэри зэриубэрэжьыкIыр. Ар кьыщыгъэльэгъуащ «Гъэрхэм драгъэкIуэкI антифашист лэжьыгъэм зэран хуэхьуу кьахуэта фашист гупхэм я IуэхуэкI» 1946 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м НКВД-м кьыдигъэкIа директивэм. АрщхьэкIэ гъэру яIугъэм апхуэдэу ахэтыр машIэт. 1956 гъэм иужькIэ СССР-м и щIыналъэм гъэрхэр щаIыгъыжакъым. Ахэр я хэкуэхэм кIуэжащ.

ЩIыдгъужьнщи

1943 ГЪЭМ кьыщыщIэдзауэ 1948 гъэр къэсыху лагерхэм щыщIэпхъуэжащ гъэр мин 11-рэ 403-рэ. Мини 10-рэ 445-рэ кьаубыдыжащ, процент 3-р яIэщIэжащ.

КIэныгъэхэрэхэм яуклащ цIыху 292-рэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Дзэ Плъыжьым гъэру зыкьратащ генерал 200-м нэблагъэм.

Ди лагерхэм исащ нацист дзэзешэ щIрыIуэхэу генерал-фельдмаршалхэу Паулюс Фридрихрэ Клейст Людвигрэ, СС-м и бригаденфюрер Панцингер Фриц, артиллерием и генерал Вейдлинг Гельмут...

Гъэру яIыгъа нэмыщI генералхэм я нэхъыбэр 1956 гъэм и зэхуэдитIым ди къэралым ирагъэкIыжащ. Ахэр Германием кIуэжащ.

Нэмыщ1 сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ кьадзэкIуэу, ди лагерхэм щаIыгъащ Германием кьыдэзэуа къэралхэм я цIыхухэу езыхэм яфIэфIу яхьыжауэ гъэру яубыдахэр - австрэхэр, финнхэр, венгрэхэр), итальянхэр, чеххэр, шведхэр, норвежцхэр, датчанхэр, франджыхэр, поляккэр, голландцхэр, фламандцхэр, валлонхэр, нэгъуэщI куэди.

ДАНИЛОВ Сергей.
«Российская газета».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.